



Kòd Konduit

ORLANDO
HEALTH®

Mesaj Direktè Jeneral la



Chè Fanmi Orlando Health,

Antanke yonn nan prensipal sistèm swen sante ki nan Sidès la, Orlando Health pran angajman pou prezève repitasyon nou kòm yon lidè ou ka fè konfyans ki aji ak entegrite e ki respekte prensip etik yo. Nou kwè nan trete yonn ak lòt avèk diyite e respè, ni pasyan ak fanmi nou sèvi yo tou.

Nan yon efò pou obeyi tout lwa, règleman gouvènman, akò avèk antite k ap fè peman, epi pwòp règleman ak pwosedi nou yo, nou kenbe anplas yon Pwogram Konfòmite ak Etik (Compliance & Ethics Program).

Kòd Konduit nou an se yon eleman enpòtan anpil nan Pwogram Konfòmite ak Etik nou an. Li ban nou okazyon pou kenbe konfòmite ak prensip etik yo nan bon plas. Kòd Konduit nou an kore misyon nou pa paske li konfime valè ak nòm pwofesyonèl ki egziste nan mitan Fanmi Orlando Health...kalite, onètete ak entegrite.

Kòd Konduit la se yon gid pou ede chak nan nou fè bagay yo kòrèkteman. Tanpri, pran tan pou li ak abitye tèt ou avèk responsablite sa yo. Si ou ta gen yon kesyon oswa enkyetid ki pa klè oswa ki pa abòde nan Kòd Konduit la, asire ou mande manadjè ou oswa ou kontakte Konfòmite ak Etik.

Mèsi pou devouman ou san rete nan Orlando Health.

Meyè salitasyon,

David Strong

*Prezidan ak Direktè Jeneral
Orlando Health*

Tabdèmatyè

Angajman an	3
PWOMÈS Nou.....	4
Nou BAY Pasyan Nou Yo Enpòtans	
Trete Pasyan yo avèk Konpasyon e Diyite.....	5
Bay Bonjan Kalite Sèvis Swen Sante	5
Divès Kalite Pasyan.....	5
Avi Non-Diskriminasyon	6
Bay Tretman Ijans	7
Aktivite Rechèch	7
Nou Bay Manm Ekip Nou yo Sipò	
Pwogram Konfòmite ak Etik.....	8
Varyete nan Mendèv ak Rekritman	8
Rapòte Pwoblèm Konfòmite	9
Pa gen fè Vanjans.....	10
Konduit ak Entegrite nan Espas Travay	10
Nou Pran Angajman pou Kominote Nou	
Yon Òganizasyon Responsab ki pa la pou fè Pwofi.....	11
Aktivite Politik.....	12
Angajman kont Monopòl.....	12
Pwoteje Anviwònman Nou	12
Nou Pwoteje Enfòmasyon Delika	
Konfidansyalite Enfòmasyon sou Pasyan.....	13
Sekirite Enfòmasyon	13
Medya Sosyal	15
Relasyon ak Medya yo	15
Enfòmasyon sou Manm Ekip ak Resous Imèn	15
Enfòmasyon Pwopriyete.....	16
Pwopriyete Entelektiyèl	16
Manda pou Fouye, Sitasyon, Enspeksyon ak Ankèt Gouvènman.....	16
Konsèvasyon Dosye	17
Kenbe ak Detwi Dosye	17
Nou Apresye Pratik Komèsyal ki Dwat	
Fwòd, Gaspiyaj ak Abi	18
Ankèt Entèn ak Demann Enfòmasyon	19
Konpòtman Kriminèl.....	19
Seleksyon Moun Ki Konsène	19
Relasyon Finansye	20
Rekonpans Dafè	20
Konkiran ak Founisè.....	21
Kontra ak Relasyon Komèsyal	21
Seleksyon Founisè ak Pwodui	21
Kado ak Koutwazi Dafè	22
Atelye, Seminè ak Sesyon Fòmasyon	22
Konfli Enterè.....	23
Pwoteksyon Byen	
Rapò Finansye.....	24
Itilizasyon Byen Konpayi an	24
Vwayaj ak Lwazi	24

Kòd Konduit nou an ak règleman antrepriz nou an ban nou enfòmasyon sou sa nou oblije fè (konfòmite) ak sa nou dwe fè (etik).

Valè nou yo distenge nou parapò ak lòt, epi nou chak dwe fè pati pa nou pou reyalize ak kenbe prensip sa yo. Menmsi Kòd Konduit la anplas pou bay konsèy jeneral, li pa abòde tout sitiyasyon. Li pral ede nou kòm gid pou pran desizyon ki respekte prensip etik ak legal yo atann de nou tout. Yo bay konsèy ki pi presi nan règleman ak pwosedi Orlando Health yo.

Kòd Konduit sa a se yon pati enpòtan anpil nan Pwogram Konfòmite ak Etik nou an, epi prensip ki nan dokiman sa a aplike pou nou tout.

NOU PRAN ANGAJMAN POU:

- Li Kòd Konduit la epi chèche konprann kijan li aplike pou nou
- Al gade nan Kòd Konduit ak Règleman Orlando Health yo nan tout sitiyasyon
- Poze kesyon epi fè rapò pwoblèm
- Swiv fòmasyon anyèl obligatwa
- Konfime angajman nou nan Kòd Konduit la

Kòd Konduit la pa yon kontra travay, ni objektif li pa pou bay okenn dwa aklè oswa souzantandi pou kontinye travay. Konpòtman ki dezobeyi Kòd Konduit la pral lakòz yon ankèt ak posiblite mezi disiplinè, ki ka rive jouk nan revokasyon.

PROMISE

MISYON NOU

Pou amelyore sante ak kalite lavi moun ak kominote nou sèvi yo.

VIZYON NOU

Yon lidè ou ka fè konfyans, ki bay santiman lespwa grasa avansman lasante.

VALÈ NOU YO

Moun

Nou pran angajman pou ekselans nan bay sèvis ak sipò pou pasyan nou yo, doktè nou yo, envite nou yo ak manm ekip parèy nou.

Nou pa pran swen moun sèlman, nou ba yo enpòtans.

Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire yo trete tout moun avèk respè, diyite, jantiyès e konpasyon.

Nou pral koute kliyan nou yo ak koute yonn lòt avèk anpil atansyon, san prejije epi ak kè ouvè.

Nou pral pote yon chanjman pozitif nan lavi moun n ap sèvi yo.

Kalite

Nou p ap janm fè konpwomi nan zafè kalite.

Nan tout sa nou fè, ekip nou an ap bay pi gwo kalite swen ak sèvis ki egziste.

Nou pral pran responsablite pou pwoteje tan, lajan ak resous yo.

Nou pral gen imajinasyon ak plizyè talan ann ekip nan solisyon nou yo.

Kominote

Nou fyè dèske nou sèvi moun nan kominote sa a.

Nou pa janm bliye ke nou se yon òganizasyon kominote a posede.

Nou pral demontre, nan pawòl nou ak aksyon nou, pi gwo nivo ki ka egziste nan angajman anvè chak kominote nou sèvi.

Atitid Pozitif

- Chwazi epi angaje pou gen yon atitid pozitif chak jou.
- Souris epi salye lòt moun.
- Konsidere kòm yon onè dèske w ap pran swen moun.

Respè

- Diminye soufrans — gen sansiblite pou laperèz ak fristrasyon pasyan ak kliyan.
- Akonpanye kliyan yo pèsònèlman nan kote yo prale a.
- Mete pasyan nou yo anpremye nan tout sitiyasyon.

Pwopriyete

- Gade li, posede li, rezoud li.
- Pran responsablite kreye bonjan kalite rezilta nan tout kolaborasyon.
- Mande "Ki mezi mwen ka pran kounye a menm pou amelyore sa pasyan an ap viv?"

Pote atansyon

- Kanpe epi konsantre sou moun nan, se pa sou travay la.
- Gade epi konprann sa ki fè pasyan w lan trè espesyal limenm.
- Koute pasyan w epi sonje bay pasyan w swen ki sennesòf.

Entegrasyon

- Apresye e bay tout moun valè antan moun.
- Konprann opinyon yo gendwa pa menm.
- Montre senpati pou fè lòt moun santi yo gen valè.

Kominikasyon Siperyè

- Kenbe lòt moun enfòm; pou fè sa, eksplike woutin yo, plan swen yo, reta yo ak "rezon" ki fè w ap fè yon bagay.
- Mande prezizyon lè sa nesèsè.
- Poze kesyon ki mande yon eksplikasyon, dekwa pou w plis konprann bezwen yo.

Depase Atant

- Pran devan bezwen yo pou kreye yon souvni jantiyès.
- Fè yon bagay kliyan an pa te atann dekwa pou w fè li kontan... leplisouvan, fè plis pase sa y ap atann, se tou senpman ti bagay tou piti yo ye.
- Remèsye pasyan yo dèske yo ban nou privilèj pou pran swen yo..

Nou BAY Pasyan Nou Yo Enpòtans

Trete Pasyan yo avèk Konpasyon e Diyite

Antanke òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, Orlando Health pran angajman pou ekselans nan bay sèvis ak sipò pou pasyan nou yo, fanmi ak envite pasyan yo. Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire yo trete tout moun avèk respè, diyite, jantiyès e konpasyon.

- Nou koute pasyan nou yo ak koute yonn lòt avèk anpil atansyon, san prejije epi ak kè ouvè.
- Nou ede pasyan nou yo konprann epi sèvi ak dwa yo genyen, tankou dwa pou entimite; dwa pou yo pa sibi diskriminasyon; pran desizyon sou swen sante yo apre yo resevwa enfòmasyon ak pran desizyon alavans.
- Nou mete pasyan nou yo, epi lè yo bay pèmasyon pou sa, nou mete fanmi yo ak lòt moun okouran chwa ki genyen pou swen, tretman ak sèvis.
- Nou ede pasyan nou yo konprann asistans finansye ki disponib pou yo.

Bay Bonjan Kalite Sèvis Swen Sante

Nou p ap janm fè konpwomi nan zafè kalite. Nan tout sa nou fè, ekip nou an ap bay pi gwo kalite swen ak sèvis ki egziste.

Nan Orlando Health, nou kwè kalite ak sekirite mache kòtakòt.

Nou pran angajman pou founi yon anviwònman gerizon ki potekole ak swen bonjan kalite, ki anfavè sante ak sekirite, epi ki fè pasyan yo viv pi bon eksperyans ki posib. Nou pran oserye angajman nou pou sekirite pasyan, paske nou swiv pi bon pratik ak metòd ki fè prèv yo, ki diminye domaj ni pou pasyan nou yo ni pou manm ekip nou yo.

Yo rekonèt Orlando Health a plizyè repriz pou ekselans nan kalite ak sekirite, yon bagay ki demontre angajman nou pran pou pi gwo nivo ki ka egziste nan swen ak sèvis. Pou fè sa, nou konpare kalite sèvis nou yo ak nòm nasyonal yo dekwa pou nou idantifye fason pou nou toujou amelyore kalite swen nou ofri yo. Nou pral kontinye gen imajinasyon ak plizyè talan ann ekip nan solisyon nou yo.

Nou founi pi gwo kalite swen ki egziste pou tout moun kèlkanswa laj, sèks, ras, koulè, orijin nasyonal, oswa andikap.

Divès Kalite Pasyan



Antanke prensipal founisè swen sante, Orlando Health toujou kontinye fè efò pou mete sansibilizasyon sou divès kalite kilti ak divès kalite moun nan swen pasyan nou yo — sa ki pèmèt tout pasyan viv pi bon eksperyans ki posib. Sant Florid se kay yon popilasyon ki gen divès kalite kilti, ansanm ak vizitè tou ki soti toupatou nan lemond, yon bagay ki parèt nan popilasyon pasyan nou genyen an. Depatman Resous Kilti ak Lang nou an se yon resous enpòtan pou bay swen ki bon sou plan kilti pou tout pasyan ak envite nou yo.

Avi Non-Diskriminasyon

Li Kont Lalwa pou Fè Diskriminasyon

Orlando Health obeyi lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, enfimite oswa sèks. Orlando Health pa rejte moun ni li pa trete yo yon lòt jan poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks.

Orlando Health:

- Ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap, pou yo ka kominike byen avèk nou, pa egzanp:
 - Entèprèt kalifye pou langaj siy
 - Enfòmasyon alekri nan lòt fòma (gwo lèt, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma)
- Ofri sèvis lang gratis pou moun lang natifnatal yo pa Anglè, pa egzanp:
 - Entèprèt kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, kontakte nenpòt manm ekip oswa founisè swen sante nan etablisman Orlando Health oswa klinik doktè kote ou pral resevwa sèvis, osinon rele Biwo Resous Kilti ak Lang lan nan 321.841.7375. Pasyan ki sèvi ak lang siy yo, tanpri rele TTY 1.800.955.8771 (Anglè), TTY 1.877.955.8773 (Panyòl), oswa TTY 1.877.955.8707 (Franse) pou w konekte ak enfimye oswa reprezantan klinik doktè a pou fè yo konnen ou pral itilize sèvis entèprèt nou yo pandan vizit/randevou ou.

Si w gen nenpòt difikilte pou w jwenn sèvis yo, ou ka rele operatè lopital la nan 321.841.5111 epi mande pou w pale ak Kowòdonatè Dwa Sivil ki asiye nan biwo Administrasyon Swen Enfimye pou etablisman an.

Si w panse Konpayi an pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks, ou gendwa fè yon doleyans bòkote depatman Konfòmite ak Etik (Compliance & Ethics department) Orlando Health, avèk yon lèt nan 1414 Kuhl Ave. Mail Point 29, Orlando, FL 32806, pa telefòn nan 321.841. 2335, pa faks nan 407.246.7083 oswa pa imèl nan R-Compliance&Ethics@orlandohealth.com.

Ou kapab pote yon plent pou dwa sivil tou ak mwayen elektwonik nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, nan Pòtay Biwo pou Dwa Sivil la gen sou Entènèt pou pote Plent, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nan lèt pa lapòs osinon pa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

1.800.368.1019, 1.800.537.7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>



Bay Tretman Ijans

Nou respekte Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay la (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA).

Sa vle di:

- Nou bay swen medikal pou ijans epi (si sa nesèsè) tretman pou fè eta tout pasyan estab, kèlkanswa kapasite yo pou yo peye.
- Nan yon sitiyasyon dijans, nou pran enfòmasyon finansye ak demografik sèlman apre nou fin reponn a bezwen medikal pasyan an.
- Nou pa konsidere kapasite pou peye kòm yon faktè pou deside si pou nou entène oswa egzeyate pasyan yo.
- Orlando Health transfere pasyan nan lòt etablisman lè nou pa ka satisfè bezwen medikal pasyan yo sèlman, epi se apre nou fin fè eta yo estab sèlman.

Aktivite Rechèch

Orlando Health resevwa lajan ak sibvansyon federal pou fè rechèch syantifik. Kòm yon kondisyon pou resevwa lajan sa yo, nou respekte règleman federal epi nou pa janm:

- Fabrike toutespre
- Defòme
- Kopye nan pwopozisyon, reyalizasyon oswa rapò rechèch

Nou pran angajman pou:

- Respekte règleman rechèch sennesòf nan fason estrik
- Respekte ak pwoteje dwa tout moun ak patisipan rechèch
- Aplike valè etik, prensip syantifik, ak jijman ki solid
- Respekte tout lwa ak règleman sou pwoteksyon enfòmasyon prive ak konfidansyalite

Nou rapòte epi rezoud nenpòt konpòtman inakseptab, move konduit oswa konfli.

Nou Bay Manm Ekip Nou yo Sipò

Pwogram Konfòmite ak Etik

Pwogram Konfòmite ak Etik nou an (Compliance & Ethics Program, CEP) egziste pou ede nou respekte lwa, règleman ak politik yo. Pwogram nan bay manm ekip ak lòt afilye yo sipò grasa edikasyon li bay sou egzijans sa yo pandan li rete yon resous pou konsilte ak entèprete règleman antrepriz la ak zafè konfòmite yo. Konfòmite ak Etik soutni CEP a paske li ede nou ranpli responsablite travay nou yo nan yon fason etik ak legal.

Konfòmite ak Etik vle di ekip Konfòmite Antrepriz, Verifikasyon Entèn, Konfidansyalite ak Sekirite Enfòmasyon Orlando Health, yo tout mete ansanm. Depatman an se yon bonjan resous pou nenpòt kesyon oswa enkyetid nou genyen sou responsablite etik nou yo.

Orlando Health pran angajman pou mennen aktivite biznis li nan respè total kapital tout lwa, règleman ak politik ki aplike pou sa. Lè yo itilize mo "lwa, règleman ak politik", nan dokiman sa a, sa vle di:

- Lwa ak règleman Federal, Eta ak lokal
- Egzijans tankou Kondisyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid pou Patisipasyon (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS)
- Nòm pou rekonesans ofisyèl tankou sa The Joint Commission ak lòt antite akreditasyon yo egzije yo
- Règleman ak pwosedi antrepriz Orlando Health
- Kòd Konduit Orlando Health
- Nenpòt lòt règ, règleman oswa egzijans ki ka genyen

Varyete nan Mendèv ak Rekritman

Kòm yonn nan pi gwo anplwayè nan Sant Florid, nou rekonèt responsablite nou genyen pou kreye yon mendèv ki montre kominote n ap bay sèvis la. Soti nan rekritman ak anbochaj doktè ak manm ekip nou yo, jouk rive nan idantifikasyon ak rekritman manm konsèy administrasyon nou an, Orlando Health ankouraje varyete grasa chwa reprezantan ki pi kalifye e ki gen plis talan pou reponn a bezwen kominote nou an ki gen divès kalite kilti epi ki pa sispann grandi. Nou konnen lè nou koresponn depre ak varyete ki gen nan kominote nou an, nou plis kapab byen konekte ak pasyan nou yo ak fanmi yo.



Rapòte Pwoblèm Konfòmite

Liy Dirèk Orlando Health pou Konfòmite a se yon metòd senp, konfidansyèl, san risk pou nou fè rapò pwoblèm konfòmite. Pou fè rapò enkyetid ou genyen, ou ka rele **888.464.6747** oswa konekte nan **OrlandoHealth.AlertLine.com**. Liy Dirèk pou Konfòmite a disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt, epi se yon konpayi kominikasyon endepandan ke Orlando Health anboche pou jere li ak fè li fonksyone pou asire rapò konfòmite yo serye e san patipri. Yo pa anrejistre rapò ki fèt nan apèl ak sou Entènèt, epi konfidansyalite yo pwoteje nan limit lalwa pèmèt ak nan tout mezi ki posib. Nou itilize Liy Dirèk la si nou gentan fin itilize lòt mwayen kominikasyon oswa si nou pa alèz pou devwale idantite nou lè n ap fè rapò yon enkyetid. Gen sèten enkyetid ki ta dwe al jwenn Resous Imèn. Tablo ki anba a ede nou jwenn kimoun pou nou kontakte nan sèten sitiyaasyon.

Nou rapòte enkyetid ak movèz kondwit nou sispèk ki ta ka vyole lwa Eta oswa federal, politik Orlando Health oswa Kòd Konduit sa a.

Tout moun gen responsablite kenbe gwo prensip etik Orlando Health yo. Si nou vin konnen oswa nou sispèk yon sitiyaasyon ki ta ka mete an danje entegrite etik òganizasyon nou an, nou gen obligasyon fè rapò sikonstans yo.

Sa vle di nou:

- Fè rapò nenpòt aktivite sispèk ak tout bònfwà
- Bay enfòmasyon ki vre epi ki konplè
- Kenbe zafè ki nan ankèt yo konfidansyèl, sòf si lalwa egzije li oswa pèmèt li nan yon lòt fason

Devwa sa yo aplike pou nou tout, ankontan manm ekip, manm konsèy administrasyon, founisè swen sante, volontè, etidyan, doktè nan kominote a, reprezantan founisè, ak kontraktè endepandan pandan y ap fè travay yo nan Orlando Health oswa onon Orlando Health.

Si sitiyaasyon an konsènen:

- Pwoblèm konduit nan espas travay
- Konpòtman ki pa apwopriye
- Arasman
- Diskriminasyon
- Kesyon pewòl
- Move tretman anplwaye
- Konfli ak kòlèg travay
- Pwoblèm disiplinè

**Kontakte
Resous Imèn**

Si sitiyaasyon an konsènen:

- Pwoblèm fwòd nan bòdwo ak kodaj
- Fwòd ak abi Medicare/Medicaid
- Koripsyon oswa lajan anba
- Pwoblèm enfòmasyon prive tankou aksè ki pa apwopriye, ak vyolasyon konfidansyalite pasyan oswa manm ekip
- Aparèy elektwonik ki pèdi oswa ke yo vòlè ki gen enfòmasyon medikal pwoteje (Protected Health Information, PHI)
- Vyolasyon etik pwofesyonèl ak komèsyal
- Vyolasyon dwa pasyan
- Konfli Enterè
- Nòm pratik pwofesyonèl ki pa respekte

**Kontakte Konfòmite ak Etik,
oswa itilize Liy Dirèk pou
Konfòmite a**

Nou mete anplas yon **Metòd Kominikasyon an Twa-Etap** pou ede nou nan responsablite nou genyen pou fè rapò posiblite vyolasyon lwa, règleman oswa politik yo.

1

Pale ak sipèvizè dirèk ou.

2

Pale ak manadjè oswa dirèktè ki responsab nan zòn ou an.

3

Kontakte Liy Dirèk konfidansyèl pou Konfòmite a nan 888.464.6747 oswa [OrlandoHealth.AlertLine.com](https://www.OrlandoHealth.AlertLine.com).

Pa gen fè Vanjans

Orlando Health rezoud rapò ki fèt ak tout bònfwà nan yon fason diskre ak pwofesyonèl. Nou pa tolere okenn kalite vanjans nan men pèsonn. Si nenpòt moun santi li te sibi vanjans akòz li te fè rapò enkyetid ak tout bònfwà, li dwe kontakte Resous Imèn oswa sèvi ak Metòd Kominikasyon an Twa-Etap la.

Konduit ak Entegrite nan Espas Travay

Orlando Health pran angajman pou bay swen kalifye kalite siperyè nan yon anviwònman koutwazi, pwofesyonèl ak konfòm. Nou pran angajman ankouraje yon atmosfè ki anfavè entegrite, onètete ak respè yonn pou lòt. Nou ankouraje ak favorize yon espas travay kote nou lib pou diskite sou nenpòt enkyetid nou ka genyen.

Nou kenbe yon anviwònman travay pozitif ki kore valè ak politik nou yo.

Sa vle di nou:

Yonn respekte lòt

- Soutni ak obsève yon espas travay ki pa gen itilizasyon alkòl, dwòg ak tabak
- Pa fè diskriminasyon nan posiblite pou jwenn travay oswa pratik sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, sèks oswa nenpòt lòt eta ki gen pwoteksyon lalwa
- Pa tolere konpòtman entimidasyon, menas, oswa arasman, tankou:
 - Kòmantè, blag derespektan, langaj denigran ak joure
 - Avans seksyèl endezirab, tankou konduit vèbal oswa fizik ki gen yon karaktè seksyèl ki jennen ranman yon moun nan travay li oswa ki kreye yon anviwònman travay ki fè moun pè, ki trè dezagreyab oswa ki derespektan
 - Vyolans nan espas travay

Nou Pran Angajman pou Kominote Nou

Orlando Health kenbe yon gwo tradisyon sèvi kominote a ak ankouraje divès kalite kilti. Mete sou anpil sèvis nou bay yo, ankontan kèms sante, aktivite depistaj ak byennèt, nou fyè de relasyon nou genyen ak òganizasyon nan Sant Florid yo ki fè reklam pou angajman nou anfavè divès kalite kilti ak pèmèt nou bay avantaj ki depase pwogram swen sante tradisyonèl yo. Depatman Relasyon Kominotè Orlando Health la bay sipò pou pakèt divès afilyasyon kominotè sa yo ak pwogram sansibilizasyon yo.

Yon Òganizasyon Responsab ki pa la pou fè Pwofi

Orlando Health òganize ak fonksyone sèlman kòm yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi pou sèvi bezwen swen sante kominote a, e poutèt sa, li egzante peye taks sou revni federal. Tout byen Orlando Health yo sèvi sèlman pou favorize aktivite charitab li yo. Okenn nan byen nou yo pa ka sèvi pou benefisye yon moun ki nan yon pozisyon pou fè enfliyans sou antrepriz komèsyal Orlando Health. Nou pa pèmèt pou benefis nèt yo benefisye moun nan òganizasyon ki gen enfòmasyon ki pa disponib pou lòt moun, ni pou yo patisipe nan okenn aktivite ki vin bay benefis finansye depase limit pou okenn moun prive.

Antanke òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, nou:

- Evite aranjman konpansasyon ki depase bon valè sou mache a
- Deklare peman yo avèk presizyon bay otorite taks ki apwopriye yo
- Depoze tout deklarasyon taks ak enfòmasyon annakò avèk lwa ki aplike pou sa



Aktivite Politik

Antanke òganization, lalwa mete limit nan aktivite politik Orlando Health.

Antanke moun, nou:

- Ankouraje patisipe nan aktivite sivik ak politik pèsònèl pandan pwòp tan pa nou epi avèk pwòp frè pa nou
- Pa sèvi avèk lajan oswa resous òganizasyon Orlando Health pou patisipe nan aktivite politik patizan (tankou tan travay, pape, anvlòp, tan travay sekretè, tenm oswa telefòn)
- Pa chèche jwenn ranbousman nan men Orlando Health pou okenn kontribisyon pèsònèl nou fè òganizasyon oswa kanpay politik
- Pa ofri okenn avantaj nan fason malonèt pou eseye fè enfliyans sou pwosesis desizyon òganis oswa fonksyonè gouvènman

Angajman kont Monopòl

Lwa kont Monopòl yo la pou kreye yon règ jwèt san paspouki nan mache a ak pou ankouraje konpetisyon ki jis. Nou respekte lwa kont monopòl aplikab yo ak lwa tankou yo ki kontwole konpetisyon. Nou pa diskite ni fè akò ak konkiran yo konsènan:

- Pri oswa lòt kondisyon pou lavant pwodui
- Pri nou peye founisè swen yo
- Divize kliyan oswa mache jeyografik
- Aksyon ansanm pou bòykote oswa fòse sèten kliyan, oswa founisè swen

Nou afilye ak anpil asosyasyon komèsyal ak pwofesyonèl. Afilyasyon sa yo favorize pataj enfòmasyon; men, li pa toujou bon pou pataje enfòmasyon biznis ak asosyasyon sa yo e manm asosyasyon yo.

- Nou òganize aktivite maketing ak piblisite pou fè edikasyon piblik la, bay kominote a enfòmasyon, ogmante konesans sèvis nou yo ak rekrute anplwaye.
- Nou prezante sèlman nan dokiman ak anons nou yo enfòmasyon ki vre, ki bay enfòmasyon itil epi ki pa twonpe moun.

Nou chèche konsèy nan men Konfòmite ak Etik ak nan men Depatman Legal lè nou gen anfas nou desizyon dafè ki gen ladan yon posiblite pou vyole lwa kont monopòl yo.

Pwoteje Anviwònman Nou

Orlando Health pran angajman pou founi yon anviwònman sennesòf ak an sekirite pou tout moun. Pou fè sa, nou respekte lwa ak règleman ki anplas pou sekirite ak kontwòl enfeksyon, ki gen pou objektif anpeche danje ki gen rapò ak travay.

- Nou annakò avèk nòm anrapò avèk materyèl travay e sekirite travayè, epi nou kenbe yon anviwònman travay ki an sekirite.
- Nou respekte anviwònman an epi nou pwoteje resous natirèl yo.
- Nou itilize règleman ak pwosedi nou yo nan kesyon anviwònman epi nou sèvi ak bilding, pwopriyete, metòd laboratwa ak pwodui medikal Orlando Health yo annakò avèk nòm federal, Eta ak akreditasyon.
- Nou respekte egzijans pèmi ki bay otorizasyon pou lage polyan an sekirite nan lè a, sistèm egou yo, dlo oswa tè.
- Nou respekte tout lwa ak règleman ki bay kontwòl pou manyen, estoke, itilize ak elimine matyè danjere, dechè enfektye ak lòt polyan.

Nou Pwoteje Enfòmasyon Delika

Konfidansyalite Enfòmasyon sou Pasyan



Nou tout jwe yon wòl nan pwoteksyon konfidansyalite enfòmasyon sou pasyan yo. Pou anpeche divilgasyon san otorizasyon, nou pa ale nan enfòmasyon konfidansyèl pasyan ni pataje yo avèk pèsonn, sof si gen yon bezwen legal pou konnen yo. Nou pwoteje enfòmasyon pasyan epi nou pwoteje konfidansyalite dosye medikal pasyan annakò avèk egzijans federal, Eta ak pou akreditasyon. Nou pa ale ak Enfòmasyon Medikal Pwoteje (PHI) lakay nou, ni nou pa transpòte PHI san apwobasyon apwopriye ki soti nan administrasyon an.

Pou evite divilgasyon PHI bay moun ki pa gen otorizasyon, nou dwe pwoteje tout kominikasyon. Kèk egzanp nan kominikasyon yo gen ladan faks, imèl ak konvèsasyon nan telefòn oswa nan zòn piblik. Nou sèvi ak prekosyon lè n ap louvri atachman, lyen, oswa bay oubyen resevwa enfòmasyon idantifikasyon nan sous ekstèn nou pa rekonèt.

Orlando Health pa tolere manm ekip yo fè espere jwenn aksè ki pa apwopriye nan enfòmasyon pasyan ak/oswa divilge enfòmasyon yo.

Sekirite Enfòmasyon

Sekirite enfòmasyon vle di pwoteje enfòmasyon konfidansyèl ak delika kont domaj, pèt, aksè san otorizasyon oswa modifikasyon san otorizasyon. Nou kenbe ak pwoteje tout kalite enfòmasyon, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, kominikasyon imèl, done pasyan, dosye pewòl, dosye pèsònèl, kòd aksè ak modpas pou anpeche divilgasyon san otorizasyon. Nou pa telechaje lojisyèl sou òdinatè nou yo san pèmasyon nan men Sèvis Enfòmasyonik.

K: Mwen nan brek mwen, epi mwen vle fè kèk acha sou entènèt. Èske mwen ka itilize òdinatè Orlando Health mwen an pou navige sou entènèt?

R: Non. Sitwèb yo ka enfekte ak viris ki ta ka enfekte òdinatè w lan epi konpwomèt enfòmasyon, ki gen ladan enfòmasyon pwoteje pasyan.

Pa gen pwoblèm pou jwenn aksè nan dosye yon pasyan lè:

- N ap bay pasyan an swen medikal
- N ap bay pasyan an sèvis sipò (pa egzansp, bòdwo, kodaj, planifikasyon oswa anrejistremant)

Nou pa gen dwa jwenn aksè nan dosye yon pasyan lè:

- N ap fè fouyapòt sou eta yon pasyan oswa sou kikote pasyan an ye
- N ap tcheke eta yon manm fanmi oswa yon zanmi

K: Pandan peryòd travay mwen yo kouri mennen kòlèg travay mwen nan Depatman Dijans. Èske mwen ka itilize yon sistèm dosye medikal elektwonik pou m wè nan ki chanm li ye, pou mwen ka pote flè pou li?

R: Non. Ou pa ka sèvi ak yon sistèm dosye medikal elektwonik pou w jwenn aksè nan dosye medikal yon kòlèg travay. Nan sitiyasyon sa a ou ka kontakte li dirèkteman oswa ou ka kontakte sèvis kliyan.

K: Pandan peryòd travay mwen jodi a, yo entène vwazen m nan sèvis mwen an. Èske mwen ka bay lòt vwazen nou yo enfòmasyon sou eta li?

R: Non. Sof si ou gen pèmision nan men pasyan an, ou pa gen otorizasyon divilge okenn enfòmasyon pwoteje.

Li apwopriye pou divilge dosye yon pasyan bay:

- Yon manm ekip k ap bay pasyan an swen (tretman)
- Konpayi asirans pasyan an pou resevwa peman pou swen yo ba li (peman)
- Yon Komite Egzamen Kalite oswa Komite Kontwòl Zak Medikal Orlando Health pou fè aktivite evalyasyon kalite ak amelyorasyon (operasyon)

K: Yo te fè yon dyagnostik kansè pou mwen tou dènyèman epi mwen pa te pataje enfòmasyon sa a avèk okenn moun, men mwen krenn kòlèg travay mwen te jwenn aksè nan dosye m. Li sanble konnen anpil bagay sou dyagnostik mwen an. Kisa mwen dwe fè?

R: Sèvi ak Metòd Kominikasyon an Twa-Etap la pou fè rapò enkyetid ou genyen an. Pa fè pwòp ankèt pa ou.

Medya Sosyal

Medya sosyal ofri posiblite san parèy pou patisipe nan diskisyon entèaktif epi sèvi avèk divès kalite platfòm pou pataje enfòmasyon, tankou Facebook, LinkedIn, Twitter, YouTube, Instagram, Snapchat, Pinterest, blòg, fowòm ak kòmantè ki poste. Nou rekonèt tout enfòmasyon, kòmantè ak opinyon yo mete sou sit medya sosyal ak blòg yo ka fòme fason piblik la wè swen ak tretman nou bay pasyan yo, manm ekip nou yo ak founisè nou yo.

Pou asire itilizasyon kominikasyon sa yo sèvi bezwen antrepriz nou an nou pran angajman pou kenbe idantite, entegrite ak repitasyon Orlando Health nan yon fason ki annakò avèk estrateji antrepriz ak mak nou an. Lè w ap patisipe nan medya sosyal, tanpri pa bliye:

- Li entèdi pou w poste kèlkanswa enfòmasyon konfidansyèl oswa pwopriyetè.
- Li entèdi pou w poste materyèl ki diskriminatwa, endesan, oswa ki nwi repitasyon, keseswa sijè a se òganizasyon an, manm ekip parèy ou, kòlèg, asosye biznis, konkiran oswa pasyan yo.
- Si ou mansyone Orlando Health, oswa koneksyon w avèk Orlando Health parèt aklè, ou dwe presize ke w ap pale sou pwòp non pa ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ak gid ki anplas, tanpri al gade nan politik antrepriz la.



Relasyon ak Medya yo

Pou pwoteje konfidansyalite pasyan yo ak manm ekip yo, nou kowòdone tout demann ki soti nan medya yo pou entèvyou ak manm ekip, manm pèsònèl medikal oswa anplwaye ke nou pase pa Relasyon ak Medya pou kontra sèvis yo.

Si nou resevwa yon demann ransèyman ki sot nan medya yo, ankontan demann pou enfòmasyon sou eta yon pasyan, nou kontakte Relasyon ak Medya touswit. Gen yon reprezantan Relasyon ak Medya desèvis ki disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt: **rele 321.841.5111 epi mande pou manadjè relasyon ak medya ki desèvis la.**

Enfòmasyon sou Manm Ekip ak Resous Imèn

Nou kenbe salè manm ekip, pewòl, avantaj, dosye disipline ak lòt enfòmasyon pèsònèl nan yon fason konfidansyèl. Nou aji avèk pridans ak jijman rezonab pou pwoteje divilgasyon enfòmasyon sa yo san nesesisite.



Enfòmasyon Pwopriyetè

Menm jan nou pwoteje enfòmasyon pasyan ak manm ekip yo, nou pwoteje tou enfòmasyon ki pwopriyete Orlando Health.

Pakonsekan nou:

- Pwoteje teknoloji enfòmasyon ak enfòmasyon elektwonik pwopriyetè, epi nou pwoteje yo kont move aksè ak move itilizasyon
- Siveye byen nou yo ak byen lòt moun bay Orlando Health responsab, tankou pwopriyete fizik ak entelektyèl, epi nou pwoteje enfòmasyon delika kont pèt, vòl oswa move itilizasyon
- Sèvi ak pwopriyete Orlando Health nan yon fason ki apwopriye epi nou pran mezi pou anpeche tout pèt sanzatan nan ekipman, founiti, materyèl oswa sèvis
- Respekte règleman ki anplas konsènan apwobasyon pou transfere byen ak done Orlando Health

K: Bofrè mwen vann ekipman medikal. Eske m gen otorizasyon di li konbyen Orlando Health peye pou pwodui menm jan dekwa pou li ka prepare yon òf pou eseye genyen?

R: Non. Dapre politik antrepriz la, nou pa sèvi ak enfòmasyon Orlando Health pou benefis pèsònèl oswa pou biznis pèsònèl.

Pwopriyete Entelektyèl

Orlando Health respekte lwa konsènan pwopriyete entelektyèl, ki gen ladan patant, mak, maketing, dwadotè ak lojisyèl. Nou respekte lalwa nan tout aktivite entèn ak ekstèn nou yo.

Pakonsekan, nou:

- Pa kreye, akteri, itilize, distribye ni repwodui pwopriyete entelektyèl
- Respekte tout lwa sou dwadotè Ozetazini, menmsi travay la pa gen senbòl dwadotè a (copyright)
- Pa repwodui dokiman pou distribye andeyò Orlando Health sof si nou gen pèmasyon ki apwopriye nan men direksyon an ak titilè dwadotè a

Manda pou Fouye, Sitasyon, Enspeksyon ak Ankèt Gouvènman

Orlando Health mete anplas règleman ak pwosedi pou ede nou jere manda pou fouye, sitasyon, enspeksyon ak ankèt gouvènman. Si nou resevwa yon demann, pa egzanp yon manda pou fouye, sitasyon oswa ankèt, n ap kontakte Jesyon Risk e Konfòmite ak Etik touswit pou konnen pwochen etap yo.

Konsèvasyon Dosye

Orlando Health pwodui yon gwo kantite dosye ak dokiman. Men kèk egzanp:

- Dosye medikal pasyan
- Dosye finansye
- Kominikasyon nan imèl
- Mesaj tranzitwa
- Prezantasyon
- Imaj dyagnostik, pa egzanp, Radyografi
- Dosye vital
- Dosye biznis konpayi an

Nan pami kèk règ nou swiv sou dokiman genyen:

- Nou pa defòme reyalite oswa fè fo dosye.
- Nou pa siyen non yon lòt moun sou okenn dokiman.
- Nou pa ekri nan dosye kòm yon lòt moun.
- Nou kreye sèlman dosye ki nesèsè ak obligatwa.
- Nou bay dosye ak enfòmasyon sèlman a moun ki gen yon bezwen legal pou konnen yo.
- Nou pwoteje sekirite, konfidansyalite ak enfòmasyon prive pasyan ak manm ekip.

Kenbe ak Detwi Dosye

Nou swiv gid ki anplas nan règleman ak pwosedi antrepriz la konsènan bon estokaj ak destriksyon dosye. Kèk nan gid sa yo sèke:

- Nou konsève tout dosye yo pandan delè obligatwa sou plan legal.
- Apre nou fin rive nan kantite tan ki egzije a, li enpòtan pou detwi dosye yo alè nan yon fason ki apwopriye annakò avèk politik antrepriz la.
- Yo dwe elimine dosye ki gen enfòmasyon sou pasyan, enfòmasyon finansye oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl nan yon poubèl papye chire ki la pou sa espesyalman. Nan okenn sikonstans yo pa dwe jete dokiman sa yo nan fatra.

Nou Apresye Pratik Komèsyal ki Dwat

Fwòd, Gaspiyaj ak Abi

Orlando Health adopte règleman ak pwosedi pou anpeche, detekte, dekouraje ak korije fwòd, gaspiyaj ak abi annakò ak lwa federal ak lwa Eta. Divès lwa federal ak lwa Eta, tankou Lwa Federal sou Fo Reklamasyon ak Lwa Florid sou Fo Reklamasyon, entèdi fo reklamasyon ak lòt aktivite fwòd. Vyolasyon lwa sa yo ka lakòz aksyon ak penalite sivil. Gen lòt lwa ak règleman anplas pou kontwòl entegrite nan pwogram Medicare ak Medicaid pou diminye fwòd, gaspiyaj ak abi. Politik nou yo disponib nan SWIFT, entranèt Orlando Health la.

Si nou konnen oswa sispèk aktivite nan jan konsa, nou sèvi ak *Metòd Kominikasyon an Twa-Etap* la pou fè rapò pou li touswit. Si nou pa fin sèten si yon aktivite se fwòd, nou kontakte Konfòmite ak Etik pou jwenn konsèy.

Moun ki rapòte legalman fo reklamasyon oswa lòt konpòtman fwòd, oswa ki ede nan yon lòt fason nan yon ankèt, aksyon oswa temwayaj, moun sa yo pwoteje kont vanjans dapre lwa federal ak lwa Eta, ak politik antrepriz la. Nou pa fè diskriminasyon ni vanjans kont nenpòt denonsyatè ki depoze, ak tout bònfw, yon aksyon sivil pou fo reklamasyon oswa ki patisipe nan yon ankèt Orlando Health.

Nou pa:

- Fòje eleman ki gen rapò ak bòdwo pasyan
- Chaje pasyan pou sèvis oswa founiti ki pa nesèsè sou plan medikal, ni ki pa nan dokiman medikal
- Defòme kòd yon dyagnostik oswa pwosedi pou nou jwenn yon peman ki pi gwo
- Modifye oswa fòje chèk
- Jere mal oswa mal rapòte tranzaksyon finansye
- Defòme oswa modifye okenn dosye oswa rapò, pa egzanp yon aplikasyon travay, dosye pewòl oswa èdtan, kont depans, rapò pri, dosye medikal pasyan, dosye rechèch syantifik oswa dosye koleksyon done
- Detwi okenn enfòmasyon ki konsidere kòm yon pati nan dosye medikal pasyan

Lwa Federal sou Fo Reklamasyon deklare se yon krim lè nenpòt moun oswa òganizasyon fè espre kreye oswa depoze yon fo reklamasyon pou peman nan men gouvènman federal la.

Nou byen kode ak voye bòdwo legalman ba gouvènman an, lòt antite k ap fè peman, epi pasyan yo.

Nou pran angajman respekte nèt kondisyon pwogram swen sante federal, ki gen ladan prepare ak soumèt reklamasyon egzat annakò avèk kondisyon sa yo. Metòd nou yo ede nou kontwòl ak verifiye ke reklamasyon yo kode ak soumèt avèk presizyon e kòm sadwa. Lwa ak règleman federal ak Eta estrik kontwòl faktirasyon lòt antite k ap peye pou pasyan nou yo ki gen asirans.



Ankèt Entèn ak Demann Enfòmasyon

Nou byen mennen ankèt plop plop sou tout rapò aktivite ilegal oswa vyolasyon Kòd Konduit ak politik antrepriz nou an. Nou kolabore nètalkole ak ankèt sa yo. Nou pa aji nan okenn fason pou anpeche, jennen oswa retade dekouvèt ak ankèt konplè sou zafè sa yo.

Konpòtman Kriminèl

Orlando Health pa tolere ni fèmen je sou aktivite kriminel. Si nou sispèk yon posiblite aktivite kriminel, nou sèvi ak Metòd Kominikasyon an Twa-Etap la pou fè rapò pou li touswit.

Nou rapòte bay Sekirite Orlando Health oswa lapolis lokal ka aktivite kriminel oswa ilegal ki reprezante bridsoukou yon risk pou sekirite nenpòt moun.

Nou konprann ke nenpòt manm ekip yo jwenn ki patisipe nan konpòtman kriminel pral resevwa mezi disiplinè annakò avèk politik antrepriz la. Mezi disiplinè a pral koresponn ak enfraksyon ki komèt la, ki ka rive jouk nan revokasyon.

Menmsi n ap kolabore nèt ak tout ankèt, nou pwoteje kanmenm dwa legal Orlando Health ak manm ekip nou yo genyen.



Seleksyon Moun Ki Konsène

Nou pa fè espere fè kontra, anplwaye oswa chaje pou sèvis ki founi pa yon moun oswa yon antite yo eskli oswa ki pa kalifye pou patisipe nan pwogram swen sante federal, ki gen sispansyon oswa ki ekskli nan kontra gouvènman federal, oswa ki te kondane pou yon zak kriminel ki gen rapò ak founi pwodui oswa sèvis swen sante.

Dapre yon kalandriye ki tabli, Orlando Health konfime ke yo verifye tout moun ki konsène k ap ranpli fonksyon oswa bay sèvis onon Orlando Health sou yon lis eskliyon gouvènman an pou asire nou pa anplwaye ni fè afè ak moun oswa antite ki eskli.

K: Kimoun ki fè pati definisyon "moun ki konsène"?

R: Moun ki konsène yo gen ladan, men se pa yo sèlman, anplwaye Orlando Health, manm konsèy oswa komite, manm pèsònèl medikal, founisè swen sante, pwofesyonèl lasante alye, volontè, etidyan, founisè, kontraktè endepandan ak moun ki fè afè onon òganizasyon an.

Relasyon Finansye

Nou egzaminen avèk prekosyon relasyon finansye yo pou respekte Lwa Kont-Lajan anba (Anti-Kickback Statute) ak Lwa Stark.

Nou pa dwe eseye jwenn okenn avantaj ni ankouraje favè avèk move peman, koutwazi dafè oswa lòt rekonpans. Nou pa ofri okenn move rekonpans oswa favè bay pasyan, founisè swen oswa lòt moun pou ankouraje referans pasyan nan etablisman nou an oswa pou sèvi ak yon pwodui oubyen yon sèvis prezizeman. Nou pa pral mande kado ni favè ann echanj pou fè enflyans oswa pou bay asistans nan yon tranzaksyon lè n ap fè biznis ak yon moun oswa yon antite, ankontan founisè yo.

Aranjman komèsyal avèk doktè yo dwe fèt dapre kontra alekri ki siyen e ki estriktire nan fason ki apwopriye pou respekte egzijans legal yo. Tout tranzaksyon avèk doktè dwe egzaminen e apwouve pa responsab Orlando Health ki apwopriye pou antite Orlando Health k ap fè kontra a epi Depatman Legal la dwe apwouve ke li nan bon fòm epi, nan sèten aranjman, Konfòmite ak Etik annakò avèk politik Orlando Health pou tranzaksyon doktè.

Tout manm ekip Orlando Health ki kominike avèk doktè, espesyalman sa yo ki nan yon pozisyon pou apwouve aranjman finansye avèk doktè oswa okipe de peman bay doktè, dwe okouran egzijans legal yo ak règleman Orlando Health ki abòde relasyon ant antite Orlando Health epi doktè yo.

Rekonpans Dafè

Yon rekonpans dafè se yon avantaj oswa benefis ekonomik yo bay yon moun oswa yon antite ki baze sou pozisyon yo oswa sou relasyon yo avèk Orlando Health. Pou anpeche patisipasyon nan rekonpans dafè, règleman nou yo gen ladan sa ki annapre la yo:

- Nou aksepte referans ak admisyon pasyan sèlman sou baz bezwen klinik pasyan an ak kapasite nou pou bay sèvis li bezwen yo.
- Nou pa mande ni nou pa resevwa anyen de valè, dirèkteman oubyen endirèkteman, ann echanj pou referans pasyan.
- Nou pa peye ni nou pa ofri pou peye okenn moun — anplwaye, doktè oswa founisè — pou refere pasyan.
- Nou pa aksepte peman pou referans ke Orlando Health fè.
- Nou pa bay rabè "koutwazi pwofesyonèl" pou manm pèsònèl medikal la oswa fanmi yo.
- Nou pa bay otorizasyon pou anile an pati oswa annantye frè lopital ke yon doktè afilye dwe.

"Mwen pa ka jwenn yon règleman pou rezoud yon pwoblèm ki te souleve tou dènyèm nan sèvis mwen an. Ki lòt kote mwen ka chèche repons?"

"Mwen te jwenn yon règleman ki gen rapò ak kesyon mwen an, men mwen pa fin sèten si li annakò ak Kòd Konduit la. Kiyès mwen ta dwe swiv?"



Konkiran ak Founisè

Manm ekip p ap travay, yo p ap aji kòm konsiltan ni yo p ap gen yon relasyon komèsyal endepandan avèk okenn nan vandè Orlando Health yo oswa lòt antite k ap fè peman, sof si yo jwenn apwobasyon avansan nan men responsab anchèf konfòmite ak etik la ak Kabinè Egzekitif la. Anplis, manm ekip direksyon ak egzekitif yo p ap travay, yo p ap aji kòm konsiltan ni yo p ap gen yon relasyon komèsyal endepandan avèk okenn antite ki founi byen oswa sèvis ki menm jan anpil ak sa Orlando Health founi oswa anvizaje mete disponib.

Manm ekip yo p ap investi kay yon vandè, peyè, founisè swen, founisè oswa konkiran depase limit ki anplas nan politik antrepriz la sof si yo jwenn pèmisyon alekri avansan nan men Kabinè Egzekitif la an pasan pa responsab anchèf konfòmite ak etik la.



Kontra ak Relasyon Komèsyal

- Tout negosyasyon kontra, relasyon kontra ak biznis dwe annakò ak lwa, règleman ak politik yo.
- Kontra yo dwe fèt alekri epi responsab anchèf chèn apwovizyonman an, oswa prezidan oubyen vis prezidan responsab la dwe siyen yo.
- Responsab anchèf konfòmite ak etik la dwe egzaminen kontra yo jwenn ki gen posiblite konfli enterè ladan.
- Enfòmasyon sou aktivite komèsyal Orlando Health, ankontan estrateji, pri, depans, finans ak zafè menm jan, yo prive ak konfidansyèl.
- Orlando Health pa fè okenn akò ki yon refi pou trete ak yon lòt òganizasyon oswa ki ta kapab nwi aktivite Orlando Health oswa lòt òganizasyon an.



Seleksyon Founisè ak Pwodui

Nou:

- Sèvi avèk mezi objektif pou chwazi founisè yo
- Akòde tout founisè ki respekte nòm yo posiblite egale pou prezante pwodui ak sèvis yo
- Pa bay, ni nou pa resevwa okenn fòm peman, lajan anba oswa woulman pou pwovoke rekòmandasyon oswa acha okenn pwodui oubyen sèvis
- Chwazi pwodui oswa sèvis ki reponn pi byen a bezwen pasyan nou yo ak Orlando Health

Kado ak Koutwazi Dafè

Tout kado oswa koutwazi dafè (ankontan repa ak amizman komèsyal) ke yo ofri, ke yo resevwa oswa ke yo fè echanj avèk antite ak moun ki pa nan Orlando Health dwe respekte egzijans ki anplas nan politik antrepriz la. Si nou pa fin sèten si règleman an entèdi yon òf oswa yon echanj prezizeman, nou kontakte direksyon an e Konfòmite ak Etik pou jwenn plis konsèy.

Nou pa:

- Mande kado
- Pèmèt kado pou fè enfluyans nan fason malonèt sou relasyon, rezilta komèsyal oswa desizyon k ap pran, osinon ankouraje bagay sa yo fèt
- Sèvi ak kado yon fason pou pwovoke, asire jwenn, oswa rekonpanse pou referans yon pasyan oswa kòmman yon sèvis oubyen founiti
- Bay oswa resevwa kado nan men pasyan, fanmi oswa reprezantan yo
- Bay lajan kach oswa nenpòt ekivalan lajan kach (pa egzanp, chèk, kat kado, sètifika kado, bon, prè, investisman stòk) a nenpòt pasyan oswa moun oubyen antite ki pa nan Orlando Health osinon resevwa bagay sa yo nan men yo
- Pèmèt founisè peye depans pou vwayaj oswa lojman

ENPÒTAN


Nou pa aksepte kado oswa koutwazi dafè okenn lè pandan aktivite negosyasyon oswa pandan tout dewoulman Demann pou Enfòmasyon/Demann pou Pwopozisyon ak yon antite ki ka vin vandè.

K: Papa pasyan mwen an te ban m yon kat kado \$25. Èske mwen ka kenbe l?

R: Non. Règleman Orlando Health entèdi pou manm ekip yo aksepte lajan kach ak ekivalan lajan kach. Yonn nan rezon pou règleman sa a, se pou asire yo bay tout pasyan yon menm nivo swen.

K: Depatman mwen an ta renmen òganize yon fèt pou fendane. Èske sa akseptab?

R: Wi. Manm ekip yo ka peye depans pou aktivite sosyal depi manm ekip yo p ap aji onon Orlando Health. Depans pou evènman sosyal prive sa yo pa kapab yon depans dafè pou zafè taks, epi manm ekip yo p ap chaje Orlando Health, ni yo p ap resevwa ranbousman nan yon lòt fason nan men Orlando Health pou kouvri depans sa a.

Atelye, Seminè ak Sesyon Fòmasyon

Nou oblije jwenn apwobasyon direksyon an anvan nou aksepte òf yon vandè pou fè oswa pou finanse sesyon fòmasyon oswa klas pou konnen pwodui. Si yo envite nou patisipe nan yon konferans, seminè, atelye oswa lòt fonksyon tankou yo ke yon lòt antite patwone, nou dwe mande apwobasyon direksyon an anvan. Apresa, direksyon an konsilte vis pwezidan ki responsab domèn nan lè y ap deside si yo dwe aksepte yon òf konsa.

Anjeneral, si sa apwouve, founisè yo gen otorizasyon peye frè enskripsyon yo sèlman.

K: Yon konpayi aparèy medikal envite m pale nan yon konferans nasyonal sou yon pwodui Orlando Health ap itilize. Vandè a ofri pou peye frè konferans lan, vwayaj la ak lojman pandan twa jou. Èske sa akseptab?

R: Non. Règleman Orlando Health fikse gid pou patisipasyon manm ekip nou yo:

- Manm ekip la pa kapab aksepte peman nan men vandè a pou tike avyon li pou li ale nan konferans la.
- Manm ekip la pa kapab aksepte peman nan men vandè a pou frè otèl la.

Konfli Enterè

Règleman antrepriz nou an presize nòm konduit Orlando Health atann pou sa ki konsène konfli enterè. Nou aji nan pi bon enterè Orlando Health epi nou fè travay nou san paspouki nèt.

Nan relasyon nou avèk òganizasyon an oswa onon òganizasyon an, nou respekte yon règ strik pou afè ki onèt ak jis epi nou konpòte tèt nou annakò ak lwa, règleman, politik ak kontra travay lè sa aplikab.

Nou pa sèvi ak pozisyon nou, ni konesans nou vin genyen grasa pozisyon nou, nan okenn fason ki kreye yon konfli ant enterè Orlando Health ak noumenm.

Men kèk egzanp posiblite konfli enterè:

- Relasyon rapò dirèk ant manm fanmi
- Itilizasyon pwopriyete, enfòmasyon oswa resous Orlando Health pou rezon ki pa pou Orlando Health
- Pran travay oswa pozisyon deyò ki anpeche nou fè travay nou nan Orlando Health
- Pran desizyon dafè ki ta kapab benefisye fanmi oswa zanmi
- Posede yon enterè finansye oswa pwopriyete nan yon antite ki nan konkirans ak Orlando Health
- Genyen relasyon finansye ki ta sanble gen enfluyans sou endepandans nan desizyon sou swen pasyan
- Founi temwayaj, apwouve oswa fè pwomosyon pou yon vandè, peyè, founisè swen, pwodui oswa sèvis

Yon konfli enterè vle di yon sitiyasyon kote konsiderasyon pèsònèl oswa lòt konsiderasyon ka konpwomèt, oswa konpwomèt aparaman, kapasite yon moun pou li pran desizyon san paspouki nan akonplisman responsablite travay moun nan.

K: Kisa mwen dwe fè si mwen wè yon posiblite konfli enterè oswa mwen gen yon kesyon sou konfli enterè?

R: Pale avèk manadjè ou oswa sipèvizè dirèk ou, oswa kontakte Konfòmite ak Etik pou jwenn èd.

Pwoteksyon Byen

Rapò Finansye

Eta finansye yo ede nan jesyon antrepriz epi yo enpòtan pou respekte obligasyon nou genyen anvè pasyan nou yo, manm ekip, founisè ak kredite nou yo. Nou pran angajman pou founi eta finansye egzat paske yo enpòtan anpil pou nou konfòme nou ak egzijans taks ak rapò finansye.



Sa vle di nou:

- Itilize prensip kontab yo rekonèt anjeneral pou kenbe ak rapòte eta finansye ki egzat
- Kenbe yon sistèm pou kreye rapò finansye ki bay enfòmasyon ki alè, egzat ak konplè
- Rapòte san pèdi tan enkyetid konsènan kontablite, enfòmasyon finansye, itilizasyon byen ak kontwòl entèn bay responsab anchèf konfòmite ak etik la
- Anrejistre tout tranzaksyon, peman ak resi alè, avèk presizyon e nan yon fason ki regilye
- Pa kreye fo antre oswa antre ki bay manti nan okenn dosye finansye
- Pa pran okenn mezi pou fè enfliyans, fòse, manipile, twonpe oswa anpeche ak magouy okenn oditèk ap patisipe nan yon kontwòl kontab nan bi pou defòme sitiyasyon finans òganizasyon an

Itilizasyon Byen Konpayi an

Nou itilize byen konpayi an sèlman pou aktivite Orlando Health, e non pa pou pwofi oswa benefis pèsònèl. Men kèk egzanp byen konpayi an:

- Ekipman
- Lajan
- Tan manm ekip
- Envantè
- Lojisyèl
- Estrateji ak done komèsyal (finansye, pasyan oswa yon lòt bagay)
- Founiti

Si nou gen nenpòt kesyon sou fason pou sèvi ak byen konpayi an, nou dwe pale avèk manadjè nou toudabò. Si nou sispèk nenpòt pèt, move itilizasyon, gaspiyaj oswa abi nan byen konpayi an, nou rapòte li bay Konfòmite ak Etik.

Vwayaj ak Lwazi

Orlando Health finanse vwayaj, amizman, ak depans ki gen rapò ak biznis annakò avèk règleman antrepriz la.

Vwayaj ak lwazi yo dwe koresponn ak responsablite travay nou epi soutni enterè òganizasyon an. Nou sèvi ak jijman ki rezonab lè n ap itilize resous konpayi an pou finanse depans pou vwayaj ak lwazi. Nou pa mande pou Orlando Health ranbouse nou pou depans pèsònèl nou fè pandan vwayaj ak lwazi.



Kenbe Pi gwo Nòm Ekselans Etik

Si w gen nenpòt kesyon konsènan
Kòd Konduit la, tanpri kontakte
Konfòmite ak Etik:

321.841.2335

R-Compliance&Ethics@OrlandoHealth.com

Kontakte Liy Dirèk konfidansyèl
pou Konfòmite a pou fè rapò nan
fason anonim pou nenpòt
enkyetid pou konfòmite:

888.464.6747

OrlandoHealth.AlertLine.com

ORLANDO
HEALTH[®]

1414 Kuhl Ave.
Orlando, FL 32806
321.841.5111

connect to **health**


OrlandoHealth.com